

Pou kontwòl mwazisi:

Repare fuit dlo pou fè mwazisi a kanpe lwen.

Netwaye nenpòt mwazisi ou wè oswa ou santi avèk detèjan ak dlo.



Answit:

- Asire ou pote lè fre lè w ap itilize pwodui netwayaj ak enspektisid. Pou fè sa, louvri fenèt yo oswa limen èkondisyone a. Asire èkondisyone a mennen lè ki sòti deyò a andedan an.
- Pa fimen, epi sitou pa fimen andedan an.
- Si ou pran sant gaz, pa limen okenn flanm oswa pa fè etensèl dife epi sòti nan karavàn lan touswit.
- Si w genyen pwoblèm sante, wè yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl medikal.

W ap bezwen fè yon chwa konsènan kay-sou-woulèt yo ofri ou.

Pa genyen nòm federal pou fòmaldèyid nan lè ki andedan an. Anjeneral, kay ki Ozetazini yo genyen yon nivo 10 a 50 ppb

Pou kay-sou-woulèt yo ki genyen pi gwo nivo yo (50-80 ppb):

Nivo fòmaldèyid ki nan kay-sou-woulèt sa a depase sa yo obsève anjeneral nan kay la men li anba nivo ki lakòz anjeneral efè grav sou sante sou moun ki sansib yo. Genyen benefis pou diminye nivo a. Pandan ou nan kay-sou-woulèt la, tanpri swiv etap ki make nan depliyasyon sa a pou amelyore kalite lè a.

Pou kay-sou-woulèt ki genyen nivo mwayen (10-50 ppb):

Nivo fòmaldèyid ki nan kay-sou-woulèt ou a pa t nan pi gwo nivo a men toujou genyen benefis pou diminye nivo a. Pandan ou nan kay-sou-woulèt la, tanpri swiv etap ki nan lis nan depliyasyon sa a pou amelyore kalite lè a.

Pou kay-sou-woulèt ki genyen nivo ba (pi piti pase 10 ppb):

Menm si nivo fòmaldèyid ki nan kay-sou-woulèt ou te ba, ou kapab toujou amelyore kalite lè a. Pou fè sa, swiv etap ki make nan depliyasyon sa a.

Ki kote mwen kapab jwenn èd?

Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou kalite lè ki andedan an ak sou sante ou oswa sou etid fòmaldèyid CDC fè nan karavàn yo ak nan kay-sou-woulèt yo, tanpri rele CDC gratis nan nimewo 1-800-CDC-INFO.

Si ou genyen kesyon konsènan kay-sou-woulèt ou, tanpri rele FEMA nan nimewo 1-866-562-2381 (TTY 1-800-462-7585).



Sa Ou Ta Dwe Konnen konsènan Fòmaldèyid nan Kay-sou-woulèt

Objektif

Depliyasyon sa a ap fè w konnen tès lè andedan ki nan kay-sou-woulèt Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency) (FEMA) te distribye yo. Paske FEMA ofri ou yon kay-sou-woulèt pou itilize kòm lojman pou yon ti tan, ou kapab vle konnen enfòmasyon sou tès sa yo. Depliyasyon sa a ap fè w konnen tou fason pou kite lè ki andedan kay ou sennesòf pou ou kapab rete byen pandan w ap viv nan yon kay-sou-woulèt.

Enfòmasyon Jeneral

An desanm 2007 ak janvyè 2008, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) (CDC) te fè tès sou karavàn ak kay-sou-woulèt FEMA te distribye nan Lwizyàn ak nan Misisipi. CDC te jwenn kèk enfòmasyon itil sou karavàn yo ak kay-sou-woulèt yo pou moun k ap viv nan de (2) eta sa yo. Dapre rezilta etid la, FEMA ap teste kounye a kay-sou-woulèt pou detekte prezans fòmaldèyid anvan moun itilize kay sa yo kòm lojman pou yon ti tan. **Sa CDC t ap chèche konnen an aplike sèlman pou Lwizyàn ak Misisipi, kote yo te teste karavàn ak kay-sou-woulèt FEMA te distribye yo.**

Yo teste kay-sou-woulèt yo ofri ou a pou detekte nivo fòmaldèyid, epi yon espè asire rezilta yo kòrèk.

Kisa fòmaldèyid ye?

Fòmaldèyid se yon gaz san koulè ki genyen yon odè fò. Yo itilize li pou fè sibstans bilding ak pwodui pou kay. Yo itilize fòmaldèyid pou fè miray, plaka, ak mèb nan karavàn ak nan kay-sou-woulèt.

Ki Nivo fòmaldèyid yo te mezire nan kay-sou-woulèt FEMA ofri w la?
Nivo ki mezire nan kay-sou-woulèt ou a _____ te _____ ppb.

Kisa k ap pase lè yon moun respire twòp fòmaldèyid?

Fòmaldèyid kapab fè ou santi ou malad si ou respire li twòp. Moun kapab genyen sentòm tankou:

- Gòj irite
- Tous
- Zye k ap grate
- Senyman nen

Syantist yo itilize mo “eksपोजे” oswa “eksपोजisyon” pou pale sou fason moun rive pran kontak avèk yon sibstans, tankou fòmaldèyid. Kèk moun pi sansib pase lòt, kidonk yon eksपोजisyon ki kapab pa lakòz pwoblèm pou kèk moun kapab fè lòt moun vin malad oswa pa alèz. Kèk nan sentòm sa yo rive tou avèk lòt maladi nan pati siperyè aparèy respiratwa, tankou larim/grip ak alèji sezonye, kidonk, si ou genyen sentòm sa yo, nou rekòmande ou pou wè yon doktè oswa yon lòt pwofesyonèl medikal.

Anjeneral –



- Si ou pi sansib nan fòmaldèyid epi si ou eksपोजे nan anpil ladan li oswa si ou eksपोजे ladan pandan lontan, ou genyen plis chans pou santi sentòm yo.
- Si ou eksपोजे nan mwens fòmaldèyid pandan yon tan ki pi kout, ou genyen mwens chans pou santi sentòm yo, sitou si ou pa sansib nan fòmaldèyid.

Yo rekonèt fòmaldèyid kòm sibstans ki lakòz moun trape kansè. Kansè ki bay plis enkyetid se kansè nen ak kansè gòj. Rechèch syantifik pako montre yon sèten nivo eksपोजisyon nan fòmaldèyid lakòz kansè. Men, tank genyen pi gwo nivo eksपोजisyon ak eksपोzisyon pou pi lontan, tank genyen pi gwo chans pou trape kansè. Eksपोzisyon nan fòmaldèyid kapab ogmante chans pou trape kansè menm nan nivo ki twò ba pou lakòz sentòm.

Ki nivo yo te mezire nan kay-sou-woulèt FEMA ofri mwen?

Nivo ki mezire nan kay-sou-woulèt ou endike nou kantite fòmaldèyid ki te nan kay la lè FEMA te fè tès la. Sa kapab ede ou tou decide ki kalite lojman akoutèm k ap pi bon pou fanmi ou. Nivo sa a pa endike nou ki kantite fòmaldèyid ou kapab respire pandan w ap viv nan kay-sou-woulèt ou. Lè kay-sou-woulèt la te nèt, oswa pandan tan cho a, nivo a kapab pi wo. Paske pa genyen lwa oswa règleman pou fòmaldèyid, pa genyen yon senp kantite k ap di nou si nivo fòmaldèyid ki nan kay-sou-woulèt ou a wo oswa ba. Tanpri gade tablo ki anba a pou ede nou konprann nivo fòmaldèyid ki nan kay-sou-woulèt ou a.

1000	Si lekti ou endike ou tonbe nan pi wo nivo a , ou dwe bay plis priyorite sou diminisyon eksपोzisyon ou nan fòmaldèyid. Sa enpòtan sitou si manm fanmi yo se granmoun aje, jenn timoun, oswa si yo soufri maladi tankou opresyon.
100	Si lekti ou endike ou tonbe nan nivo entèmedyè a , risk pou iritasyon nan eksपोzisyon nan fòmaldèyid pi ba, men li toujou enpòtan pou pran mezi pou pa eksपोze twòp nan fòmaldèyid. Sa enpòtan sitou si manm fanmi yo se granmoun aje, jenn timoun, oswa si yo soufri maladi tankou opresyon.
10	Si lekti ou endike ou tonbe nan nivo ki pi ba a , yo jwenn nivo sa yo nan lari anpil vil ak nan anpil bilding. Risk pou pwoblèm sante nan nivo sa yo ba.
1	

Remak: Nivo yo eksprime an pati pa bilyon (ppb). Pou konvèti pati pa milyon (ppm), divize pa 1000.

Anplis nivo fòmaldèyid la, ou ta dwe reflechi sou lòt faktè.

- **Laj.** Eksपोzisyon nan fòmaldèyid se yon enkyetid espesyal pou timoun ak granmoun aje. Timoun yo kapab vin sansib nan fòmaldèyid pi fasil, ki kapab fè yo genyen plis chans pou yo vin malad. Granmoun aje yo kapab mwen anmezi pou eksपोze twòp nan fòmaldèyid. Si timoun yo oswa granmoun aje ap viv nan kay-sou-woulèt ou, li enpòtan pou pa kite yo eksपोze twòp nan fòmaldèyid.
- **Eta sante.** Fòmaldèyid irite gòjèt yo. Moun ki soufri opresyon, bwonchit oswa lòt pwoblèm respirasyon se moun ki sansib sitou nan fòmaldèyid. Moun ki genyen lòt maladi kwonik kapab mwen anmezi pou eksपोze nan fòmaldèyid. Fanm ansent ak tibebe nan vant yo kapab pa nan yon gwo risk, men yo a ta dwe pran prekosyon pou yo pa eksपोze nan fòmaldèyid. Si yon moun ki nan kay-sou-woulèt ou genyen nenpòt nan kondisyon sa yo, li enpòtan pou pa kite moun kan eksपोze twòp nan fòmaldèyid.
- **Kouman yo itilize kay-sou-woulèt.** Kèk moun ap viv nan kay-sou-woulèt pandan plizyè èdtan pa jou. Lòt moun ap viv nan kay-sou-woulèt sèlman pandan sejou ki kout. Tank ou pase plis tan nan kay-sou-woulèt ou, tank li pi enpòtan pou pa eksपोze twòp nan fòmaldèyid.

Kisa sa vle di pou fanmi mwen?

Kay-sou-woulèt FEMA distribye yo deziyen pou lojman pandan yon ti tan ak pou ijans. Moun k ap viv nan kay-sou-woulèt yo ta dwe deplase pou ale nan lojman pèmanan. Fanmi k ap viv nan kay-sou-woulèt yo avèk timoun, granmoun aje oswa moun ki deja genyen yon maladi tankou opresyon ta dwe eseye jwenn lojman pèmanan san pèdi tan.

Kouman mwen kapab amelyore kalite lè a nan kay-sou-woulèt mwen?

Pou pwoteje tèt ou pou pa eksपोze nan fòmaldèyid:

- Louvri fenèt yo otank posib pou kite lè fre antre andedan an.
- Eseye kite tanperati andedan karavàn ak kay-sou-woulèt la yo nan pi ba nivo ki konfòtab la.
- Louvri èkondisyonè a oswa dezimidifikatè a pou kontwole mwazisi a.
- Epi tou, pase plis tan deyò nan lè fre otank posib. Sa enpòtan sitou pou fanmi ki genyen timoun, granmoun aje oswa moun ki genyen maladi kwonik tankou opresyon.